STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 23 out 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON $22 MILYON POU METE NOUVO INITE LOJMAN AK SÈVIS SOUTYEN NAN KONTE ATRAVÈ ETA A

Finansman pou Depans Kapital Pral Ede Moun ak Fanmi ki nan Gwo Nesesite

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gen plis pase $22 milyon nan lajan pou depans kapital ki bay pou sèt pwojè lojman ak sèvis soutyen nan tout Eta New York. Yo bay sibvansyon yo pou finanse pwojè nan Konte Albany, Bronx, Jefferson, Kings, Monroe, ak Westchester. Yo pral jere atravè New York State Office of Temporary and Disability Assistance's Homeless Housing and Assistance Program (HHAP).

"Lojman ak sèvis soutyen esansyèl pou kase sèk sanzabri a pou moun ak fanmi New York pi vilnerab yo." te deklare Gouvènè Cuomo. "Ogmantasyon inite lojman ak sèvis soutyen pa sèlman pote asistans vital bay Nouyòkè ki nan bezwen, men tou l ap amelyore efikasite Medicaid grasa diminisyon vizit nan sal ijans, ospitalizasyon ak dire sejou nan etablisman ki bay swen sante ki dire lontan yo."

Sèt pwojè sa yo pral pote yon total 489 inite lojman pou moun ak fanmi ki sanzabri. Medicaid Redesign Team (MRT) Affordable Housing Workgroup eta a bay yon pòsyon nan finansman an – $3,2 milyon – nan HHAP pou kreye 33 inite lojman ak soutyen nan Konte Monroe ki sible yon mannyè spesifik sanzabri andikape ki se moun ki depanse plis nan Medicaid.

Nan de dènye ane ki sot pase yo, eta a te angaje l pou l envesti $161 milyon nan lojman ak sèvis soutyen nan kad travay Medicaid Redesign Team lan pou ede kontwole depans Medicaid ki koute chè pandan l ap jere ak plis efikasite sitiyasyon kwonik plis pase 4.000 Nouyòkè ki nan gwo nesesite. Li pwouve lè yo bay lojman stab ansanm ak sèvis soutyen se youn nan faktè pi enpòtan nan retablisman alontèm pèmanan, sobriyete, ak yon pwonostik pi pozitif pou popilasyon ki nan gwo nesesite sa yo. Rechèch montre moun ak fanmi ki gen lojman stab eki gen sipò yo bezwen yo pou ede yo rete nan yon kay gen mwens depans medikal akòz yo ale mwen souvan nan sal ijans lopital ak tou gen mwens pasyan ki ospitalize pou rezon medikal oubyen mantal.

HHAP ap satisfè yon bezwen reyèl nan New York. Pou fè sa, l ap ofri finansman pou devlope lojman pou popilasyon ki gen yon seri bezwen patikilye. HHAP la pou ede tout fanmi ak tou moun sòti nan sitiyasyon sanzabri ak povrete, epitou ede yo vin pi endepandan posib.

“Pwojè sa yo ki nesesè anpil pral pote lojman bon mache pou Nouyòkè vilnerab yo, tankou sa ki soufri maladi mantal, sa kap viv ak VIH/SIDA, viktim vyolans nan kay ak jèn moun,” te deklare Komisyonè OTDA, Kristin M. Proud. “Eta New York, sou lidèchip Gouvènè Cuomo, te pran yon gwo angajman pou lojman ak sèvis soutyen ki pwouve non sèlman ak finansman ki bay la, men tou ak kolaborasyon ranfòse ki genyen ant tout ajans eta a.”

Men òganizasyon ki resevwa finansman:

Ajans	Konte	Kantite Lajan
CAMBA Housing Ventures	Kings	$6.000.000
Concern for Independent Living	Bronx	$5.684.000
DePaul Properties, Inc.	Monroe	$3.200.000
New Destiny	Bronx	$3.179.128
Westhab, Inc.	Westchester	$2.302.562
Support Ministries, Inc.	Albany	$1.120.220
Victims Assistance Center of Jefferson County, Inc.	Jefferson	$800.000

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418